

Komite entasyon "La Croix Rouge/Red Cross" (ICRC) ap ede fanmi jwen yonn ak lot nan peyi ya. Gen yon sit entènèt ke yo mete pou ni moun an Ayiti ak moun lòt bò ka chache non fanmi yo, an plis tou, yo ka anrejistre non fanmi yo ke yo poko we depi tranbleman te a:

www.icrc.org/familylinks

- Enfòmasyon ki sou sit entènèt la pa konfidansyel e nimpò moun ka wè l
- Pi fò sak gen sou sit "Family Links" soti nan men moun kap chache fanmi yo; nan premye 24 è yo etabli sit entènèt la, plis ke 6,000 moun te gentan mete moun ke yo pa wè
- Alòs ke "La Croix Rouge/Red Cross" an Ayiti kapab ranmase enfòmasyon sou moun ki en fòm ak moun ki an santé yo, nap tan pou nou wè plis non toujou. Nou pa konn kilè bagay yo ap rive, men nou genyen espesyalis ki kon jwen moun an Ayiti, e sa se yon piyorite

Men kijan pou nou sèvi ak sit "Family Links" la

- Premyèman chèche sou lis la. Eseye de twa lot jan yo epele non an
- Si fanmi w pa nan lis la, ale sou "Register Your Relative"
- Fanmi ta dwe ap cheke lis la tanzantan pou wè si fanmi yo anregistre
- Si nou ta wè anpil resilta, sa vle di ke gen lòt moun kap chache menm moun nan epi tou, ka gen lòt enfòmasyon

Enfòmasyon sou moun ki sitwayen amerikain "citizen" kap viv oubyen kap vizite Ayiti

- Si nap chache moun ki sitwayen amerikain "citizen", rele "U.S. Department of State, Office of Overseas Citizens services" nan 1-888-407-4747 oubyen 202-647-5225.